



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO REKÒ NAN TO POZITIVITE TÈS COVID-19
KI BA**

17yèm jou dafile avèk to enfeksyon anba 1 pousan; 0.66 pousan nan tès COVID-19 yè yo te pozitif

Otorite Pòtyè New York ak New Jersey ak New York City Health + Hospitals pral etabli nouvo sit tès yo nan ayewopò JFK ak LaGuardia

7 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

SLA a ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a obsève vyolasyon nan Egzijans Eta a nan 34 etablisman wikenn sa a

Konfime 408 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 430,145; gen nouvo ka nan 27 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon nouvo rekò nan to pozitivite tès COVID-19 ki ba nan 0.66 pousan. Kantite nouvo ka, pousantaj tès ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwèn done itil toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

Gouvènè a te anonse tou ke Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) ak New York City Health + Hospitals pral etabli nouvo sit tès nan ayewopò JFK ak LaGuardia pou limite pwopagasyon COVID-19 bò kote vizitè yo k ap sòti nan lòt eta.

"Pandan de semèn pase yo, pousantaj enfeksyon nou an te rete anba yon pousan. Nou felisite Nouyòkè yo pou travay di yo nan pèmèt nou rive nan nivo sa a, men nou dwe kontinye travay sa a ak kontinye mete mask nou ak kenbe distans sosyal", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwogrè nou montre ke viris sa a reponn ak lasyans, pa politik. Se yon fonksyon nan medsin, syans ak biyoloji epi ta dwe trete konsa."

Wikenn sa a, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 3,964 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 34 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève wikenn sa a nan konte anba la a:

- **Bronx - 6**

- **Brooklyn** - 10
- **Manhattan** - 8
- **Queens** - 5
- **Nassau** - 4
- **Suffolk** - 1

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 482 (+10)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 56
- **Lopital Konte yo** - 32
- **Kantite ICU** - 120 (+10)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 54 (+4)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 74,684 (+44)
- **Kantite Lanmò** - 7
- **Kantite Lanmò Total** - 25,295

Sou 62,031 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 408, oswa 0.66 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Capital Region	0.5%	0.5%	0.4%
Central New York	0.5%	0.2%	0.7%
Finger Lakes	0.6%	0.5%	0.3%
Long Island	0.7%	0.8%	0.6%
Mid-Hudson	0.7%	0.8%	0.8%
Mohawk Valley	0.4%	0.2%	0.2%
New York City	0.7%	0.8%	0.7%
North Country	0.8%	0.3%	0.1%
Southern Tier	0.5%	0.6%	0.5%
Western New York	1.4%	1.8%	1.1%

Gouvènè a te konfime tou 408 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 430,145 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 430,145 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,701	2
Allegany	85	0
Broome	1,250	11
Cattaraugus	182	2
Cayuga	167	0
Chautauqua	289	0

Chemung	194	0
Chenango	223	0
Clinton	142	1
Columbia	562	0
Cortland	98	0
Delaware	109	0
Dutchess	4,777	10
Erie	9,491	26
Essex	100	0
Franklin	56	0
Fulton	309	0
Genesee	290	0
Greene	305	0
Hamilton	12	0
Herkimer	289	0
Jefferson	145	0
Lewis	47	0
Livingston	180	0
Madison	432	0
Monroe	5,330	13
Montgomery	196	2
Nassau	44,284	39
Niagara	1,576	1
NYC	232,334	214
Oneida	2,245	1
Onondaga	3,768	10
Ontario	381	0
Orange	11,343	9
Orleans	304	0
Oswego	282	0
Otsego	124	0
Putnam	1,475	2
Rensselaer	818	1
Rockland	14,139	10
Saratoga	816	1
Schenectady	1,182	3
Schoharie	69	0
Schuyler	24	0
Seneca	95	0
St. Lawrence	267	0
Steuben	310	0
Suffolk	44,519	21

Sullivan	1,495	0
Tioga	206	0
Tompkins	244	0
Ulster	2,134	7
Warren	315	0
Washington	266	0
Wayne	275	0
Westchester	36,710	21
Wyoming	124	1
Yates	60	0

Yè, te gen 7 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,295. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Herkimer	1
Kings	3
Manhattan	1
Oneida	2

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)